

MOUVEMENT
ACTION-CHÔMAGE
DE MONTRÉAL



Tèks
Rezime gid la



01 Kisa asirans chomaj la ye

Asirans chomaj, ke yo rele tou asirans-anplwa ou asirans travay, se yon pwogram **ranplasman ki la pou pèmèt yon moun k'ap chèche travay jwenn yon revni pou yon ti tan, pandan li p'ap travay.** Pwogram sa jere pa gouvernan kanada e li finanse gras a kotizasyon travayè, travayèz ak anplwayè yo. Asirans chomaj la okipe'l tou jere pwogram espesyal pou sitiyasyon tankou **maladi** ou byen **ede yon pwòch.**

Kondisyon elijiblite :

Pou yon moun kalifye e jwenn aksè pou chomaj la, gen twa (3) kondisyon

01

Gen youn ou plizyè travay ki asire, sa
mande tou **peye kotizasyon asirans
chomaj yo.**

02

Sispann fè yon travay ke ou touche lajan
ou yon anplwayè peye'w, donk se pa
travay pandan **7 jou** afile.

03

Fè yon **kantite lè nan travay** ou pou
kalifye.


Nan ka kote gen dout, li toujou preferab ou depoze yon demann asirans-chomaj. Nan ka yo refize, li egziste sa yo rele rekou ou byen èd !

02 Konbyen semèn ?

Kantite semèn prestasyon regilye asirans-chomaj yon moun gendwa depann de plizyè bagay. Se pa moun nan ka'p fè kalkil yo. Se ajan yo ki nan sèvis Kanada ka'p fè'l.

Kantite semèn prestasyon regilye asirans-chomaj yon moun gendwa avè'l la depann de kantite lè li fè ap travay nan **52 dènye semèn** depi dènye demann l'an (Peryòd referans). Plis nou fè lè nan travay la, plis nou resevwa prestasyon. Lè travay sa yo ka akimile kay youn ou plizyè anplwayè.

Kantite semèn yo bay la depann tou de **Kantite chomaj** ki nan zòn ou abite a nan moman ou fè demann nan. Pou konnen konbyen semèn ki posib ou ka resevwa nan sitiyasyon tankou maladi ou byen ede yon pwoch, ale nan seksyon an 09.



03 Kantite prestasyon an

Kantite kòb prestasyon an kalkile a pati mwayèn pi bon ou meyè semèn salè nan denye ane yo. Komisyon an ap pran pi bon ou **meyè semèn** ou yo ant 14 e 22, daprè kantite chomaj nan zòn ou an, epi ya'p fè yon mwayèn. Nan mwayèn sa ou gen dwa a 55% de kòb la.

Yon fason jeneral **kantite prestasyon** an se 55%

Men li posib pou ke kantite prestasyon 'w la ant 56% e 80% si ou gen twa (3) kondisyon ki vin aprè yo :

01

gen yon revni familyal
brit ki mwens de 25 921 \$,

02

gen youn ou byen
plizyè timoun ki sou
kont

03

resewva prestasyon
fiskal pou timoun

04 Demann la

Pou resevwa prestasyon asirans-chomaj yo, nou bezwen fè yon **demann an Liy**. Li kapab fèt an Liy, lakay ou, ou byen nan nenpòt sant sèvis Kanada avèk òdinatè ki disponib sou plas. **Demann l'an sèlman disponib an Fransè e an Anglè**. Nou rekòmande'w fè yon moun ou fè konfyans ou byen yon òganis ede'w fè demann l'an.

Pou fè demann l'an wa'p bezwen plizyè enfòmasyon :

| EGZANP ENFÒMASYON | |
|---|----------------------|
| Non | Dat nesans |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> |
| Nimewo telefòn | Adrès Imèl |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> |
| Adrès | <input type="text"/> |
| <i>Ti non nan nesans youn nan paran ou yo</i> | |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> |
| Nimewo sekirite sosyal <i>(Si SIN ou a kòmanse ak 9, Komisyon an ap mande w prèv sitiyasyon imigrasyon w ak/oswa pèmi travay ou)</i> | <input type="text"/> |
| <i>Enfòmasyon sou travay ou te fè nan dènye 52 semèn yo</i> | |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> |
| <i>Enfòmasyon bankè pou depo</i> | |
| <input type="text"/> | <input type="text"/> |

Ou gen 4 semèn pou fè demann ou an a pati de dimanch aprè dènye jou travay ou.

Nou konseye'w fè demann la nan espas 4 semèn paske sa ka afekte dwa ou genyen pou jwenn prestasyon an.

Si ou gen yon enprevi pandan wa'p komplete ou ranpli demann ou an, li ap anrejistre pandan 72 è.

Nan ka kote travay la kanpe akoz konfli ou byen dezakò, nou konseye'w kontakte MAC ou byen yon gwooup defans chomè, chomez pou prepare yon lèt ki esplike sa'k pase a pou li ka ajoute nan demann ou an.

Ou kapab fè demann ou an san relve anplwa e bay li aprè lè'w gen yon kopi. Sa ap evite ou prezante demann ou an reta. (Gade paj ki vin aprè a)



05 Relve anplwa

Relve anplwa (RE) se yon dokiman esansyèl pou resevwa asirans-chomaj yo. Nou dwe bay tout relve **travay anplwayè yo de peryòd referans la**. Anplwayè a gen 5 jou pou'l bay (RE) nan vèsyon papye e prèske 3 semèn si'l voye'l dirèkteman pa mwayen entènèt bay sèvis Kanada.

Si anplwayè a pran tan pou'l voye yo ba'w aprè plizyè tantativ ou fè ki echwe, ou kapab **depoze yon plent a sèvis Kanada**.

Enpòtan : Pa tann relve anplwa a pou fè demann prestasyon an. Chak travay ou fè ki kanpe ou sispann, egzije anplwayè'w la pou'l enfòme'w fason li ap trete relve anplwa a (Vèsyon papye ou entènèt). Si se vèsyon papye, fè yon fotokopi avan ou transmèt sèvis Kanada'l.



06 Deklarasyon yo

Aprè demann ou an, wa'p resevwa yon **kòd aksè** pa lapòs ki gen 4 chif. Pou fè deklarasyon'w yo, wa'p bezwen kòd aksè sa a avèk nimewo aspirans sosyal ou. **Deklarasyon yo obligatwa.** **Li dwe fêt chak 2 semèn, 1 samdi sou 2.** Deklarasyon sa yo ap «deklanche ou byen pèmèt» peyman prestasyon'w yo. Deklarasyon yo ka fêt nan telefòn ou byen an liy.

Deklarasyon yo disponib sèlman an Fransè ou Anglè. Si ou pa pale ni Fransè ou Anglè, nou rekòmande'w fè yon moun ou fè konfyans akonpaye'w ou byen fè deklarasyon'w yo gras ak èd sèvis mobil sèvis Kanada lè'w konpoze **1-877-760-2657**. Ou dwe di «déclarations assurance-emploi» pou ka jwenn yon moun ka'p akonpaye'w nan lang ou pale an pou fè deklarasyon an.



Men kèk prensipal kesyon yo ka poze'w :

- l Eske ou demenaje, chanje adrès postal ou byen modifye enfòmasyon bankè ou te bay pou depo dirèk la ?
- l Eske ou te kite Kanada ou byen ou pat Kanada ant lendi e vandredi pandan peryòd deklarasyon an fèt ?
- l Eske ou te nan etid ou byen fòmasyon pandan peryòd deklarasyon an fèt ? (Gade paj sou etid yo)
- l Eske ou te dispoze travay, e kapab fè'l chak jou, de lendi pou rive vandredi, pandan peryòd deklarasyon sa fèt ?
- l Eske ou te travay ou byen resevwa yon peyman pandan peryòd deklarasyon sa fèt ?

07 Disponibilite'w

Pou resevwa prestasyon asirans-chomaj la, ou dwe demontre ou kapab travay e wa'p chèche travay, men ou pa ka jwenn.

Ou dwe **chèche yon travay ki konvnab**, tankou yon travay kote kondisyon salè a koresponn ak travay ou abitye fè ou byen ou kapab jwenn nan men yon bon anplwayè. Travay konvnab sa dwe respekte obligasyon familyal ou, eta sante'w epi konviksyon pèsonèl ou relijye.

Li posib pou yon ajan sèvis Kanada fè yon ankèt sou rechèch anplwa'w la e mande'w elaji rechèch travay ou yo tout pandan wa'p montre ou fleksib sou kritè'w yo. Pa egzant nou ka mande'w chèche yon travay nan yon domèn ou konnen ou byen ou abitye.

Pou'w resevwa prestasyon regilye yo ou dwe chèche travay. Selon komisyon an, sa dwe **prensipal preyokipasyon'w**.



Men kijan lalwa konsidere demach pou jwenn yon travay:

Fè yon CV ak
yon lèt
 prezantasyon

Evalyasyon pou
jwenn travay si
posib

Rezotaj

Enskri sou aplikasyon moun
ka jwenn travay ou byen
ajans ki konn plase moun

Kominike ak
anplwayè evantyèl yo

Patisipe nan atelye sou koman
pou yon moun chèche travay ou
byen salon anplwa

Prezantasyon
yon demann
travay

Patisipe nan
evalyasyon
konpetans

Patisipe nan
antrevi

Li konseye pou **pran nòt** tout demach ou fè yo (sa gen ladan'l jou ak dat)

Sof esepsyon, moun nan dwe **rete nan teritwa Kanadyen** an pou'l resevwa prestasyon yo. Demann ou an ap rete aktif, men yo pa'p peye'w pou jou ki pase pandan ou pa't nan peyi a.

Lè wa'p travay kanada ak yon **pèmi travay** patikilye, ke'l te ouvè ou fèmen (Anrapò ak yon anplwayè), e ou san travay, ou kapab gen dwa ak asirans-chomaj. Fòk ou ka pwouve ou rete sou teritwa a epi wa'p chèche yon travay.

Anfen, note ke si wa'p **etidye a tan plen** sa ka anpeche'w touche prestasyon yo. Sa valab pou tout kalite etid, sa enplike kou fransizasyon an. Pa egzanp, si wa'p suiv kou soti lendi pou rive vandredi e nan maten rive aprè-midi, na'p konsidere ke etid ou a anpeche'w disponib pou yon travay. Nan ka sa wa'p bezwen pwouve sèvis kanada ke ou ka **travay nan lè ou pa gen kou**. Pwouve ke'w deja konn travay a tan plen tout pandan wa'p etidye se yon bon agiman pou gen aksè a prestasyon asirans-chomaj la kòm etidyan.

Gen anpil fo enfòmasyon ka'p sikile konsènan dwa asirans-chomaj travayè, travayèz, imigran (gason kou fanm), demandè, demandèz azil e travayè etranje tanporè genyen. Chèche jwenn bon enfòmasyon !

08 Refize e peye'w twòp

Depa volontè

Pou'w gen dwa a prestasyon an aprè yon depa volontè (sa vle di moun nan demisyone), fòk rezon ou bay la lalwa rekonèt li, pase sa yo rele **sèl solisyon rezonab** la sa vle di pwouve sèvis kanada ke ou te tante seryezman regle ou resoud pwoblèm nan depi nan kòmansman'l e ou te chèche travay avan ou te kite'l.

Revokasyon

Li egziste 2 kalite revokasyon.

1. Revokasyon pou « **enkonpetans** », Sa vle di ou pa ranpli kondisyon travay la egzije. Pa gen okenn pwoblèm pou'w gen dwa a prestasyon an.
2. Revokasyon pou «**enkonduit** », sa vle di ou te koze annui ak anplwayè a. Na'p pale la a endisipline ou gwo negligans (reta, vòl, absans ki pa jistifye, etc.). Si ou panse ou pa komèt yon enkonduit, konsilte yon organis chomè, chomez, pou'w ka konn dwa'w.

Yo peye'w twòp

Si ou resevwa yon avi dèt soti nan ajans Revni kanada, li enpòtan pou'w konnen **kote dèt la soti**. Li dwe soti daprè desizyon sèvis kanada pran. Konsilte yon òganis ki travay nan defann dwa moun pou konnen dwa'w. Pa blyie fè chanjman adrès si nesesè pou'w pa pèdi okenn komunikasyon ki konsène dosye asirans-chomaj ou a.

09 Prestasyon espesyal

Prestasyon espesyal la kapab vèse nan ka ou **malad ou byen wa'p ede yon pwòch**, yon moun ki prèske mouri (prestasyon konpasyon ou byen yon timoun, yon adilt ou granmoun ki malad grav). Ou pa bezwen chèche travay lè wa'p resevwa prestasyon espesyal la.

Yo kapab ba'w li si ou kimile **600 è travay** asirab pandan peryòd referans ou an, sa valab pou nenpòt kantite chomaj ki gen nan zòn ou an. Pou 'w gen aksè avè'l ou dwe bay yon **biyè medikal** (prestasyon maladi) ou byen ranpli yon fòmilè gras a yon pwofesyonèl sante ka'p suiv moun nan ou se pwòch ka'p ede'l la (konpasyon, timoun ou adilt ki malad grav).

Pou chak prestasyon espesyal, sèvis kanada ap peye'w kantite semèn ki koresponn ak peryòd ou sispann travay akoz maladi (prestasyon maladi) ou byen kantite tan ou fè ap ede yon pwòch (fòmilè medikal). Sepandan, chak prestasyon gen yon maksimòm semèn yo peye, apa de sa sèvis kanada pa kapab ba'w ou vèse yon prestasyon.

Maksimòm semèn prestasyon yo peye:



Lè ou geri ou byen ou pa responsab yon pwòch epi peryòd prestasyon'w l'an pa fini, ou kapab konvèti prestasyon'w yo e touche prestasyon regilyè yo.

10 Rekou yo

Si ou jwenn yon refi ki soti nan sèvis kanada, ou **kapab konteste'l**. Pou byen prepare, nou sigjere'w konsilte yon gwoup defans chomè chomez pou konnen dwa'w e obligasyon'w.

Revizyon administratif

Aprè ou fin resewva yon refi, ou gen **30 jou** pou soumèt yon demann ekri revizyon administratif l'an bò kot sèvis kanada. Ou ka depoze'l an pèsòn, pa mwayen lapòs avèk èd yon gwoup defanschomè chomez. **Revizyon administratif sa a pa koute senkòb ou byen ou pap peye pou fèl.**

Yon ajan sèvis kanada ap kontakte'w pa mwayen telefòm nan objektif pou'l jwenn enfòmasyon adisyonèl. Nan kék ka, ajan an ap kontakte ansyen anplwayè ou an tou.

Nan fen pwosesis la, **yo ka kenbe desizyon yo te pran anvan an, modifye'l ou anile'l.**

Tribinal Sekirite Sosyal (TSS)

Si ou vle konteste desizyon yo te pran aprè revizyon administratif la, ou kapab al kote tribinal Sekirite Sosyal la. Ou gen 30 jou pou voye fòmilè avi apèl la – Asirans-anplwa. Menm jan ak revizyon administratif **la demach sa gratis.**

Yon fwa ankò, nou rekòmande'w fè apèl ak yon gwoup defans chomè chomez pou ede'w pou pwosesis sa.

Enfòmasyon nou :

Mouvement Action-Chômage de Montréal
6839A rue Drolet, local 306,
Montréal, QC, H2S 2T1

Lè ak orè sèvis :

Lendi a jedi
13è a 16è
514-755-9240
macmtl.qc.ca

Si ou pa nan zòn Monreyal, jwenn ak gwoup chomè,
chomez nan rejjyon'w l'an, konsilte tou :
lemasse.org

